



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO AKEYI KONFERANS SOU DEVLOPMAN REJYONAL DIRAB  
AK GOUVÈNANS KOLABORATIF LA NAN ROCHESTER**

***Espesyalis Devlopman Kominotè yo, Otorite Eli Lokal yo ansanm avèk Lidè Biznis  
yo ap Pataje Estrateji Kwasans Ekonomik nan Rejyon Finger Lakes la  
Manyèl pou Gouvènman Lokal ak ONG yo Sèvi kòm yon Resous Miltisèvis pou  
Pwogram ak Sibvansyon Eta yo – Ki Disponib nan: [www.ny.gov/growth](http://www.ny.gov/growth)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse siksè sizyèm konferans sou dirabilite rejyonal eta a, ki reyini espesyalis nan devlopman kominotè yo, otorite eli lokal ak lidè biznis yo ansanm pou yo pataje estrateji kwasans ekonomik ki reyisi nan Rejyon Finger Lakes la yo. Konferans lan fè pati yon efò pou ranfòse konesans sou resous ki disponib nan tout eta a pou gouvènman lokal ak òganizasyon san bi likratif yo pou ede yo kreye kominote dirab atravè New York. Pandan konferans lan, Gouvènè Cuomo te souliye tou yon nouvo [manyèl](#) ki sèvi kòm yon resous miltisèvis pou sibvansyon Eta yo – nan bay kontèks ak lyen sitwèb yo ki mennen nan lis konplè ki gen plis pase 100 pwogram finansman inovatif ladan.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils) ive nan envestisman estratejik endistri fotonik k ap boujonnen nan rejyon an, administrasyon an te pran yon apwòch konpreyansif pou kreye kwasans dirab atravè rejyon Finger Lakes la. Inisyativ sa a pral ede mennen Rochester nan yon nouvel lè devlopman ekonomik lè yo elimine baryè devlopman yo, rantabilize resous yo, epi solidifye wòl rejyon an kòm yon lidè nan endistri teknoloji avanse demen yo. Nou pral kontinye konstwi patenarya atravè sektè piblik ak prive yo pou kreye nouvo opòtinite pou rejyon an epi asire istwa siksè Rochester a kontinye pou anpil ane ankò.”

Konferans Devlopman Dirab ak Gouvènans Kolaboratif lan (Sustainable Development & Collaborative Governance Conference) fonde sou konferans Andrew Cuomo te fè an 1999 la lè li te Sekretè Lojman ak Devlopman Iben an, ki te titre “Konble Fose a: Fè Rejyon yo Travay pou Tout Moun: Fasone Ajanda Federal la (Bridging the Divide: Making Regions Work for Everyone: Shaping the Federal Agenda),” ki te envite espesyalis yo ak akademisyen nan reyamenajman rejyonal, kwasans entèlijan, reyamenajman zòn iben yo pou prezante lide yo, tout swit apre sa a, te gen yon diskisyon jeneral ant divès gwoup ki konsène yo.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, Eta New York la ap bay kolaborasyon kolateral ant ajans eta yo, gouvènman lokal yo, ak patnè kominotè yo priyorite pou pwodwi enpak kolektif maksimòm atravè efò yo ap fè. Rejyon Finger Lakes la se ekzanp prensipal apwòch sa ki kòmanse depi nan baz, ki te montre siksè li atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo.

Jiska jodi a, Eta New York la te investi plis pase 3.4 milya dola nan Rejyon Finger Lakes la pou ede fè objektif rejyon an avanse. Depi septanm 2010, rejyon an te ajoute 158 000 djòb nan sektè prive a – yon ogmantasyon 5,4 pousan, ki fè kantite total djòb nan sektè prive a rive nan 3 066 700 djòb apati septanm 2016. Jodi a, to chomaj rejyon an te bese anpil – soti nan 7,7 pousan an out 2010 pou pase a 4,6 pousan pandan menm peryòd la ane sa.

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di:** “Gouvènè Cuomo te pwouve nan ki pwen prensip dirab ak investisman estratejik yo enpòtan pou kwasans yon rejyon epi w ap wè egzans sa a tout kote w pase nan Rejyon Finger Lakes la. Gras a lidèchip ak vizyon Gouvènè, nou te kontinye investi pou nou kreye epi pwoteje djòb, miltipliye kwasans nan nouvo sektè yo epi ranfòse kominote riral nou yo. Pwogrè a enkontestab epi konferans sa yo enpòtan anpil nan konstriksyon siksè sa yo.”

Nan konferans gouvènans kolaboratif la, konferansye ak debatè yo te egzamine etid ka yo, yo te fè echanj sou meyè pratik yo epi diskite egzans sou fason Eta New York la ap kontinye sèvi kòm yon patnè nan kreyasyon kominote dirab ak entegre epi ranfòse efò devlopman ekonomik soti anba rive anwo. De ekspè devlopman dirab prononse diskou sou tèm prensipal la yo:

- **Elaine Kamarck** – Direktè Sant Jesyon Piblik Efikas (Center for Effective Public Management) nan Brookings Institution ak Ekriyen *liv Why Presidents Fail and How They Succeed Again (Poukisa Prezidan yo Echwe Ak Kijan Yo Rejwenn Siksè Ankò)*
- **Doktè Nabil Nasr** – Direktè Enstiti Golisano pou Dirabilite (Golisano Institute for Sustainability) nan Enstiti Teknoloji Rochester a (Rochester Institute of Technology, RIT)

Pandan l te nan Rochester, Gouvènè Cuomo te anonse jodi a ke American Packaging Corporation (Kòporasyon Anbalaj Ameriken an) te pran angajman pou l konstwi yon nouvo izin manifakti ki pral ajoute 366 pòs travay nan Konte Monroe a. Konstriksyon nouvo etablisman 350 000 pye kare sou Beaver Road nan Vil Chili a pral kreye 104 pòs travay nan konstriksyon, epi sa vle di tou 170 anplwaye k ap travay aktyèlman nan izin konpayi an ki nan Vil Rochester yo pral rete nan travay sa yo. Aprè konsiderasyon demenajman potansyèl pou ale Iowa, American Packaging te deside rete epi agrandi nan Rejyon Finger Lakes la gras a aksan Gouvènè Cuomo mete sou Revitalizasyon Rejyon Nò a atravè plan estratejik *Finger Lakes Forward* (Vanse Finger Lakes) lan, ansanm ak lòt efò sipò lokal yo.

Pandan konferans lan, yo te anonse gen 10.1 milyon dola ki te akòde pou nèf pwojè pou ede pwoteje plis pase 5 500 kawo tè agrikòl ki a risk nan rejyon Finger Lakes la. Pwojè a te finanse atravè Pwogram pou Egzekisyon Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la (Farmland Protection Implementation Grant program), epi pwojè yo pral sipòte prezèvasyon tè agrikòl pou yo itilize pou agrikilti yo epi pwoteje yo kont degradasyon pandan y ap toujou kontinye fè sèvitid konsèvasyon sou yo.

Lòt pwogram dirabilite ak devlopman ki te kòmanse oubyen refòme pandan sis dènye ane sou gouvènman Gouvènè Cuomo yo genyen ladan yo:

- Plan Dirabilite Rejyonal Ki Pi Pwòp, Pi Vèt yo
  - Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils)

- Lwa sou Bank Fonsye (Land Bank Act) pou konvèti pwopriyete ki vid yo
  - Lejislasyon pou konbat pwopriyete abandone yo
  - Inisyativ konsepsyon Wout konplè yo (Complete Streets design initiative)
  - Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative)
  - Pwogram Konsèvasyon Tè Agrikòl Hudson Valley ak Pwogram Ranfòsman Sektè Agrikòl Southern Tier la yo (Hudson Valley Farmland Preservation and Southern Tier Agricultural Industry Enhancement Programs)
  - Kominote ki itilize Enèji Pwòp yo (Clean Energy Communities)
  - Refòm Redevlopman Brownfield (Brownfield Redevelopment Reform)
  - Prezèvasyon Istorik Kredi Enpo (Historic Preservation Tax Credit)
  - Sibvansyon pou Kominote ki Angaje yo pou Konbat Chanjman Klimatik yo (Climate Smart Communities Grants)
  - Lwa sou Rezistans ak Risk Kominote an (Community Risk and Resiliency Act)

**Elaine Kamarck, Direktè Fondatè nan Sant Jesyon Piblik Efikas (Center for Effective Public Management) nan Brookings Institution ak Ekriven liv *Why Presidents Fail and How They Can Succeed Again* lan te di:** “Nenpòt lè mwen gen chans vin lakay mwen, mwen toujou enpresyone lè m wè pwogrè rapid k ap fèt isit la nan Finger Lakes. Anpil nan sa nou te fè ansanm yo pandan administrasyon Clinton lan ak reyevante gouvènman ap fleri isit la nan New York epi mwen kontan anpil pou pote kole ak Gouvènè Cuomo jodi a pou selebre akonplisman nou yo avèk gwoup patisipan enpresyonan epi divès sa yo.”

**Doktè Nabil Nasr, Prevo Adjwen ak Direktè Enstiti Golisano pou Dirabilite (Golisano Institute for Sustainability) nan Enstiti Teknoloji Rochester a (Rochester Institute of Technology) te di:** “Atravè Sant Etid Manifakti Entegre epi pi resaman Enstiti Golisano pou Dirabilite a, RIT te konstwi yon eritaj solid lè li vin tounen yon sant ki gen kalib mondyal pou rechèch ak edikasyon sou dirabilite. Gras a lidèchip Gov. Andrew Cuomo epi atravè fowòm tankou konferans jodi a, angajman nou gen pou dirabilite a, pandan n ap sèvi kòm motè ekonomik majè pou rejyon nou ak yon lidè nan inovasyon ak teknoloji depwent yo, pral pèmèt nou kontinye fleri tankou yon patnè fondamantal pou kominote a, gouvènman an ak endistri a yo.”

**Lidè Majoritè Asanble a, Joseph Morelle te di:** “New York se yon lidè nan estrateji kwasans dirabilite ak inisyativ enèji pwòp yo, epi avèk konferans sa a nou te pote lespri kreyatif atravè rejyon ak eta a yo ansanm pou kontinye egzekisyon meyè ide posib yo epi rete sou trajektwa pozitif sa a. Avèk sipò Gouvènè Cuomo, nou ap ankouraje kwasans ekonomik ak siksè nan tout kwen eta sa a epi mwen fyè pou m fè pati redemaraj isit la nan Rochester.”

**Senatè Joseph E. Robach te di:** “Konferans sa a reyini lidè lokal ak espesyalis kwasans entèlijan ki t ap ede transfòme tèren ekonomik rejyon an pou l vin yon modèl dirabilite. Konferans sa a pral ede kreye sinèji pozitif ant sektè piblik ak prive yo ki pral ede agrandi ekonomi rejyon an lè nou toujou kenbe je nou louvri vè lavni. Gras a aganjman Gouvènè pran pou avansman prensip sa yo, nou ap konstwi yon avni pi briyan pou rejyon nou an.”

**Egzekitif Konte Cheryl Dinolfo te di:** “Lidèchip Gouvènè Cuomo te konstwi chemen

pou devlopman dirab nan Rejyon Finger Lakes la. Lè li reyini lidè endistri yo ak mèt biznis yo ansanm pou pataje resous ak taktik yo, Gouvènè a ap etabli yon kilti kwasans dirab ki pral estriktire ekonomi nou an pou jenerasyon k ap vini yo.”

**Majistri Lovely Warren te di:** “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, estrateji kwasans entèlijan ak dirabilite nou an se pou kreye nouvo djòb ak opòtinite ekonomik nan endistri premye plan yo isit la nan Rochester. Konferans sa a reyini lidè endistri ki gen ide inovatif yo ansanm pou ajoute sou siksè kontini nou an epi asire yon avni briyan, ki dirab.”

**Prezidan ak PDG Chanm Komès Greater Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Robert Duffy te di:** “Rochester ap tranzisyon an nan yon nouvo lè inovasyon kwasans ekonomik lè nou konsantre nou sou kwasans endistri teknoloji avanse ak enèji pwòp la yo. Rejyon Finger Lakes la plen biznis ak enstitisyon fòmasyon ki fyè pou sèvi kòm fòs motè dèyè redemaraj ekonomik sa a. Mwen remèsye Gouvènè a paske l kwè nan rejyon an ak nan eta sa a ak nan travay ansanm ak lidè lokal nou yo pou leve kominote a yo monte nan yon lòt nivo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418